



Hillside Agriculture Program

# Pi gwo benefis

# ak pye Kakawo

# ki pral donnen anpil



Fich Teknik FT-03

## Plis Pwodui nan Fè Grèf Lateral

### Pouki sa nap Fè Grèf Lateral?

Fè grèf sou kote pye kakawo, se yon pwosesis ki pa pi difisil pase sa, e ki ka fè pye kakawo ki two rèk pwodui pi plis. Lè ou fè grèf sou kote pye kakawo a li fè pye yo vin pi kout tou, konsa li vin pi fasil pou ou manyen kabos yo lè ou debou. Donk, li pi fasil pou ou fè tay ak pou rekòlte tou.

Souvant, ou ka we kèk pye kakawo siperyè ki donnen ampil kabos pase tout lòt pye. Si yon plantè pran plan boujon setadi grefon nan pye kakawo siperyè sa yo, epi la'l grefe yo sou pye ki pa si tèlman pwodui, plantè sa va fè tout pye kakawo li yo tounen memn jan ak pye ki te donnen ampil la, konsa pwodiksyon li ak revni li pral ogmante ampil.

### Gid Pou Fè Grèf Sou Kote Pye Kakawo yo

Pou fè grèf lateral sou pye kakawo ou, annik swiv etap sa yo.

# 1

#### Chwazi pye kakawo siperyè pou ou pran grefon sou yo

Pye kakawo ou pral chwazi grefon yo dwe pwodui plis ke 30 kabos sou yo pandan ane a. Epi, fòk pye kakawo siperyè sa a nan menm anviwonman ak lòt pye ou pral mete grefon an sou li a pou gref la ka byen pouse.

# 2

#### Chwazi branch la, apre sa prepare grefon yo



Koupe boujon yo nan pwent branch ki ap pouse nan sans orizontal setadi lateral soti agòch rive adwat. Bout wa va chwazi yo dwe se jenn branch ki fèk konmanse rèk epi ki poko kòmanse fleri. Fèy yo dwe yon koulè vèt fonse, setadi yo fèk konmanse rèk tou. Koupe tout fèy sou branch la apeprè 5cm. Aprè sa, vlope branch sa yo nan papye journal oswa nan fèy bannann, yon manyè pou yon ti branch yo pa frote ak lòt setadi pou you pa koche.

# 3

#### Prepare grefon yo

Koupe grefon yo nan sans kom si fèy yo tap gade anlè. Chak grefon dwe gen yon longè 14-15 cm, e yo dwe gen ladan yo 4-5 boujon fèy. Pwent ki gade anwo a nan sans fèy yo awondi li. Lèfini, pwent anba a, koupe li pou fè yon ang, yon manyè pou pwent anba nan grefon an ka chita alèz kòm blèz, flòch, sou kò pye kakawo kote ou pral grefe li a.



Fè grefon an konsa

# 4

#### Prepare fenèt la

Fè yon kout kouto nan sans kouche setadi orizontal soti agòch rive adwat nan kòs bwa, nan wotè ki mete w ale. Kale kòs bwa a sòti pi wo desann rive nan mak kote ou te koupe li a. Aprè sa, fè 2 kout kouto tout long nan sans desann soti pi wo premye mak la setadi vetikal nan kòs bwa a. Kote ou te bay kout kouto yo pral samble ak yon fenèt. Kounye a, sèvi ak yon ti kouto wa pou ovri fenèt la ou byen ak dwet ou tou ou ka fè sa.



Ouvè fenèt la



# 5

#### Prepare gref la

Rantre grefon an nan fenèt la, yon manyè pou ang la vin chita alèz kòm bez, floch ak pati jon ou we anndan bwa.



Mete grefon an konsa

Fèmen fenèt la, lèfini mare li byen fèmèn ak yon atach ne gòdyen. Pase fisèl la toutotou grèf la dwat anba premye ne a, lèfini mare li ankò.



Mare'l konsa

Lèfini, mete yon ti sache plastik sou gref la, epi mare li byen pou li ka tounen yon pwoteksyon pou gref la pou anyen pa pase touche li. Sèvi ak fisèl pou mare bout anwo sache a ak pye kakawo a.



Kovri'l konsa

# 6

#### Bay pye kakawo ou te grefe a laswenyaj

Sou yon mwa jou pou jou, gref ou te fè a ta dwe konmanse bay nouvo repous ak fèy. Lè sa retire sache plastik la, men kite fisèl la pou kenbe fenèt la fèmèn. Pandan grefon an ap pouse, sèvi ak yon pati nan fisèl la pou kenbe ti grefon an nan yon sans natirèl pa rapò a pye kakawo a. An mezi gref la ap pouse pou li vin tounen yon branch tout bon, taye branch kakawo ki sou anlè li, yon manyè pou li ka jwenn limyè solèy. Nan yon espas de 2 zan, fòk yo wete tout branch ki sou tèt grèf la. Lè sa, sèl bagay ki ap rete nan ansyen pye kakawo a se kò pye bwa a, ak rasin li ki pa anba grèf yo, ak 0.5 mètr otè nan kò bwa ki ap rete pi wo kote grèf la te fèt la. Nouvo branch la ta dwe pwodui kabos apeprè de zan aprè yo te grefe li.



Hillside Agriculture Program (HAP) ■ USAID

